नेनाक बाइबिल
प्रस्तुति

# प्रभु यीशु मसीहक चमत्कार



९लेखक: Edward Hughes

९सचित्र द्वारा: Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

९रूपान्तरित: E. Frischbutter; Sarah S.

अनुवाद: Ashish Paul

तैयार भेल: Bible for Children
www.M1914.org



©2023 Bible for Children, Inc.
लाइसेंस: एहि कथाक प्रतिलिपि वा छपबाक अधिकार अहाँकेँ अछि,
जाबत धरि अहाँ एकरा नहि बेचब।


प्रभु यीशु मसीह बहुत चमत्कार कएलिन। चमत्कार सभ चिंन्ह छल ई बातक देखयबाक लेल जे वास्तव में प्रभु यीशु मसीह परमेश्वरक पुत थिकाह।




पहिल चमत्कार एक विवाहक भोज में भेल। एकटा समस्या ठाड़ भऽ गेल छल। सभ लोकक लेल प्रयास दाखरस नहि रहैक।



मरियम यीशुक मेंय हुनका एहि समश्याक विषय में बाएजने छलीह, अऽ तकरा बाद ओ सेवक सभक बाएजलीह जे किछु यीशु आज्ञा देथिंन्ह वैह करब।



‘‘एहि पात्र सभ कऽ पानि सँ भरि दियौक’’ प्रभु यीशु कहलिन। पानि ?‘‘ ओ सभ पूछि सकैत छलाह। हाँ, पानि तऽ वैह छल जे यीशु बाएजने रहैथि।



तकरा बाद प्रभु यीशु एक सेवक कऽ कहलिन किछु
पानि कऽ बड़का पात्र सँ लऽ लिअ अऽ एहि भोजक जे
प्रधान छथि ओ चखि कऽ
देखैथि। अब तऽ पानि
दाखरस बनि गेल छल!
बड़ निक दाखरस!
सर्वोत्तम दाखरस!



सेवक सभ आश्चर्य में पड़ि गेल रहैथि। प्रभु यीशु मसीह पानि कऽ दाखरस बना देने रहैथि। एहि तरहक चमत्कार खाली परमेश्वर कऽ सकैत छथि।



प्रभु यीशु आनो बहुत सभ चमत्कार कएने रहैथि। एक रोज साँझ कऽ ओ आओर हुनक शिष्य लोकिन पतरसक घर पऽ गेलाह। पतरसक सासु माँ बहुत बीमार छलीह हुनका बहुत बेसी बुखार रहिन।



प्रभु यीशु मसीह बीमार स्त्रीक हाथक स्पर्श कएलिन। अऽ किछुए काल में ओ निक भऽ गेलीह। ओ प्रभु यीशु मसीहक आओर हुनक शिष्य सभक सेवा करबाक लेल उठलीह।



एना लागैत अछि ओहि दरबाजा पऽ सांझ कऽ समपूर्ण नगरि जौर भऽ गेलाह। बीमार लोक, आंन्हर लोक, बहिर अऽ मूक लोक, कोढ़ी लोक आएल। एतो घरि जे दुष्टआत्मा सँ ग्रसित लोकक भीड़ यीशुक लग में आएल। कि ओ अतैक लोकक सहायता कऽ सकैत छथि?



यीशु, परमेश्वरक पुत मदद कऽ सकैत छथि। प्रभु यीशु मदद कएलनि। जतैक लोक हुनका एहिठाम आएल छल ओ सभ केओ चंगा भऽ गेलाह। जे मनुख जिनगी सँ परेशान छलाह ओ अब चलि फिर सकैत रहैथि।




आनो बहुत लोक सभ आएल जिन्हक चेहरा कोढ़क कारणें बदरंग भऽ गेल रहिन।



ओ सभ पूरा भऽ
गेलाह किएक तऽ प्रभु
यीशु हुनका सभ कऽ
चंगा कऽ देने रहैथि।



दुष्टआत्मा सँ ग्रसित स्त्री अऽ पुरूष सभ यीशुक सन्मुख में ठाड़ भेलाह। ओ दुष्टआत्मा कऽ आज्ञज्ञ देलिन जे इ सभकऽ छोडि कऽ जो दुष्टआत्मा सभ भी यीशुक आज्ञज्ञ मानलिन, डेराएल अऽ दुःखी लोक सभ आनन्दित भेलाह।



भीड़क पाछाँ चारि गोटे, अपन दोस्तक यीशुक लग जाय में मदद कऽ रहल छलाह मुदा ओ सभ नजदीक नहि जा सकलाह। अब ओ सभ कि करताह?



ओ सभ बीमार मनुख
कऽ छप्पर पऽ उठा कऽ
लऽ आनलिन, ...



... ओ चारों विश्वास योग्य दोस्त छप्परक हटा देलिन अऽ हुनका रस्सीक सहारे नीचाँ उतारि देलिन - अब ओ सभ यीशुक नजदीक में छलाह।




यीशु देखलिन जे इ चारों दोस्तक विश्वास अछि। ओ बीमार मनुख कऽ कहलिन, अहाँक सभटा पाप क्षमा भऽ गेल। ‘‘अपन विछौनाक उठाऊँ आओर चलू फिरू‘‘ ओ मनुख भला चंगा भऽ कऽ उठि गेलाह। यीशु हुनका चंगा कऽ देने रहैथि।




एकर तुरन्त बाद प्रभु यीशु अपन चेला सभक संगे एकटा नाव में छलाह। तखने समुद्र में भयानक तुफान आएब गेलैक। यीशु सूति रहल छलाह। डेरायल हुनक चेला सभ यीशुक जगौलिन। ‘‘हे प्रभु हमरा सभ कऽ बचाऊँ‘‘ ओ चिकरलएथि ‘‘हमरा सभ नाश भऽ जाएब‘‘।



यीशु उठि कऽ अन्नहड़ बिहाड़ कऽ डांटलखिंन्ह "शांत भऽ जो" अऽ तुरंत समुद्र में शांति आएब गेलैक। हुनक चेला सभ आपस में कानाफूसी करअ लगलाह जे "ई कोन तरहक मनुख थिकाह" ?
हवा अऽ आंधी तूफान तक
हिनक आज्ञा कऽ
मानैत छनि।



ओ सभ विश्वास कएलाएथि जे यीशु परमेश्वरक पुत थिकाह किएक तऽ हुनक चमत्कार सभ हुनक महिमाक बखान करैत अछि। चेला सभ एहि बातक नहि जानैत छलाह, मुदा ओ सभ अब प्रभु यीशु मसीहक द्वारा आओर बड़िका बड़िका चमत्कार देखअ जा रहल छलाह - ओ मनुखक बीच में परमेश्वरक सेवा कएलाएथि।



# प्रभु यीशु मसीहक चमत्कार

परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल

अहाँक द्व

मत्ति 8-9, मरकुस 1-2, 4, लूका 4, 8, यूहन्ना 2

ऋद्धका क और प्रवे करवैत अछि।
भजन संहिता 119:130

इति

इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छेथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।

परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने लॊकनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिंमे पाप आ पुण्य हॊयत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु हॊइत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाऒल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर ओ फेर दॊसर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्धा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबतै रहब।

अपने लोकनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।

प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्धा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुन:यानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आऔर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।

ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु। यहुन्ना 3:16